लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# दानिय्येल अउर शेरन क माँद

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Jonathan Hay

अनुकूलित: Mary-Anne S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

दारा बाबुल क नया राजा रहलन। उ चतुर रहलन। उ अपनी शासन काल में मदद की खातिर अपनी राज्य में से सर्वश्रेष्ठ एक सौ



बीस लोगन के चुनलन। फिर उ ओ लोगन में से तीन गो के उनकर अधिकारी होखे खातिर चुनलन। दानिय्येल ओ तीन लोगन में से एगो रहलन।



राजा दारा दानिय्येल के बहुत सम्मान कइलन इहाँ तक कि उनके पूरा राज्य पर



शासक बनवला की बारे में सोचत रहलन।

दूसर अगुवा लोग ईर्ष्या करे लगलें। उ दानिय्येल में कुछ गलती खोजला क योजना बनवालें ताकि राजा क दानिय्येल की साथ कुछ समस्या पैदा
कर सकें।



कवनो फरक ना पड़ल, उ केतनो कोशिश कइलें, लेकिन ए अगुवा लोग दानिय्येल की बारे में कुछ भी बुरा ना पवलें।



दानिय्येल जेवन कुछ भी कइलन
सब सच्चाई से कईलन। एकरी अलावा, उ
सावधान अउर चालाक रहलन; अउर हमेशा
सब कुछ कइलन, सब सर्वश्रेष्ठ
तरीका से करत रहलन।



ईर्ष्या करे वाला नेता लोग के अब पता चल गइल कि दानिय्येल के फ़सवला क सिर्फ एकही ही रास्ता रहे। उ जानत रहलें कि पृथ्वी पर कुछ भी उनके इस्राएल की परमेश्वर क पूजा कइला से रोक ना सकत बा।



दानिय्येल क दुश्मन लोग एगो अउर योजना बनवलें। उ लोग एगो नाया कानून बनवलें ताकि राजा ओपर दस्तखत करे। कानून की अनुसार हर केहु के खाली राजा से ही प्रार्थना करे के रहे। यदि केहु भी बात ना मानी त उनके शेर की माँद में फेंक दिहल जाई!



राजा दारा इ नाया कानून पर दस्तखत कर दिहलें।



नाया कानून से दानिय्येल के कवनो फरक ना पड़ल। उ जेवन हमेशा से करत आइल रहलन, उ करते रहलन। उ अपनी खुलल खिड़की से दिन में तीन बार घुटने पर आके, स्वर्ग की परमेश्वर से प्रार्थना कइल करत रहलन।







डाह करे वाला अगुवा लोग राजा के बतवला खातिर रवाना हो गोइलें। दानिय्येल के गिरफ्तार कइला की अलावा राजा दारा की पास अउर कवनो चारा ना रहल।



कानून क पालन कइल जरूरी रहल। दानिय्येल मरे पर रहलन। राजा बचवला क बहुत कोशिश कइलन, लेकिन कानून के बदले खातिर उनके कवनो भी रास्ता ना मिलल।

दानिय्येल के शेर की माँद में डालला की द्वारा मृत्यु क सजा सुनावल गइल।



दानिय्येल के भूखाइल शेर की माँद में डालला से पाहिले, राजा दारा उस से कहलें, "तू जेवनी परमेश्वर क लगातार सेवा करे लअ, उहे तोहके बचइहें!"



राजा ओ रात सूत ना सकलें। तड़के अगली सुबह, उ वापस शेर की माँद पर पहुँचलन।



राजा दारा पुकारके कहलें, "दानिय्येल,
जीवित परमेश्वर जेकर तू लगातार सेवा करे
लअ, का  तोहके उ शेर से बचा लेले बाड़न?"
हो सके ला कि उ जवाब क
उम्मीद ना करत रहलन।
लेकिन दानिय्येल
जवाब दिहलन!



दानिय्येल
कहलन, हे
राजा "हमार जीवित परमेश्वर अपनी दूत के
भेजा के इन शेरन क मुँह बंद कर दिहलें।
अतः ई सब हमके चोट ना पहुँचा सकलें
हँअ! अउर हमहुँ
तोहरी बिरुद्ध
कुछ गलत
नइखीं
कइले।"



राजा दारा बहुत खुश भइलन! उ दानिय्येल के माँद से बहार निकलला क आदेश दिहलन।



राजा जानत रहलन
कि परमेश्वर दानिय्येल
के बचवलें हउंवे अउर
दानिय्येल क दुश्मन
अब परमेश्वर
क दुश्मन
रहलें।



उ एगो आदेश दिहलन, अउर बुरा कानून पर दस्तखत करवला खातिर उनके धोखा देबे वाला ओ सब के शेरन की माँद में फेंकवा दिहलन।
शेर सब ओ लोगन के खा लिहलन।



राजा दारा स्वर्ग की परमेश्वर की बारे में पूरा दुनिया के बतावल चाहत रहलन; कि केंगने उ अपनी वफादार सेवक, दानिय्येल क रक्षा कइले हउवें।



राजा एगो चिटठी लिखलें जेमे जीवित परमेश्वर क पूजा कइला की खातिर हर केहु के आज्ञा दीहल गइल रहे। अउर राजा दानिय्येल क सम्मान कइलन अउर नेतृत्व कइला खातिर उनके बहाल कइलन।



# दानिय्येल अउर शेरन क माँद

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

दानिय्येल 6

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16